

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

1.1 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 2) métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun ngahasilkeun data kalawan tujuan jeung mangpaat nu tangtu. Dina ieu panalungtikan, métode nu digunakeun ku panalungtik nyaéta métode déskriptif analitis kalawan pamarekan kualitatif étnografi.


Dina ieu métode dipedar ngeunaan pasualan-pasualan nu ditalungtik sacara jéntré, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis sacara kritis kana data-data nu ditalungtik, saluyu jeung fakta-fakta nu kacangking nalika panalungtikan. Méthode déskriptif analisis étnografi dipilih pikeun nganalisis kelompok kasenian. Prosés panalungtikan nu ngagunakeun stratégi étnografi téh sifatna *fleksibel*, saluyu jeung kondisi panalungtikan dina ngaréspon kajadian-kajadian nalika lumangsungna panalungtikan di lapangan.

Ku kituna dipiharep bisa méré gambaran anu lengkep tur teleb, kucara ngumpulkeun data, nyusun klasifikasi data, sarta nganalisis data pikeun nyangking jawaban jeung kacindekan. Ieu métode dipaké pikeun ngagambarkeun data-data anu patali jeung ajén éstétika sarta ulikan sémiotik, hususna dina Tepak Opat Cimandéan.

1.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang sakabéh hal anu dilakukeun ku panalungtik, ti saméméh ngalakukeun kagiatan, nepi ka ngahasilkeun kacindekan jeung laporan panalungtikan. Luyu jeung éta hal, Rahardjo (2017, kc. 2) désain panalungtikan nyaéta rarancang panalungtikan (*action plan*) nu mangrupa kagiatan kalawan runtuyan nu sistematis tur logis. Desain panalungtikan dipidangkeun dina ieu bagan di handap.

Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan



1.3 Sumber Data, Lokasi Panalungtikan, jeung Subjék Panalungtikan

1.3.1 Sumber Data

Sumber data panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting dina prosés ngumpulkeun atawa nyangking data anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, nu dijadikeun sumber data téh nyaéta buku jeung narasumber. Buku mangrupa sumber nalika nyaluyukeun hasil panalungtikan jeung data anu kapaluruh di

lapangan, salian ti éta nyaluyukeun ogé jeung tiori-tiori inohong nu saluyu jeung bidang garapanna. Salian ti buku aya ogé data anu kapaluruh di lapangan, ieu data mangrupa hasil tina wawancara jeung sababaraha narasumber. Ieu data mangrupa data anu asli, sabab nalika proses meunangkeun data téh langsung ti narasumberna di lapangan. Narasumber anu mindeng diwawancara téh nyaéta pupuhu paguron, guru penca silat, jeung murid-murid nu aya di Sanggar Seni Jamus Kalimasada.

1.3.2 Lokasi Panalungtikan

a. Letak Géografis

Lokasi ieu panalungtikan nyaéta di Sanggar Seni Jamus Kalimasada anu pernahna di Kampung Cisuru Karamat RT/RW 001/002 Désa Mekarjaya Kacamatan Jampangkulon Kabupaten Sukabumi. Lega wilayah Désa Mekarjaya 845.51 Ha nu ngawengku 4 dusun, 7 RW, jeung 29 RT. Sacara administrasi, wates Désa Mekarjaya, nyaéta:

- 1) Beulah kalér, watesna Désa Padajaya jeung Désa Boregah Indah
- 2) Beulah wétan, watesna Désa Cimahpar
- 3) Beulah kidul, watesna Désa Bojongsari
- 4) Beulah kulon, watesna Kelurahan Jampangkulon & Désa Nagraksari

Anapon gambaran péta Désa Mekarjaya Kacamatan Jampangkulon Kabupaten Sukabumi nyaéta.

Gambar 3. 1
Péta Désa Mekarjaya



Faried Rizqullah, 2021

AJÉN ÉSTÉTIKA JEUNG UNSUR SÉMOTIK DINA TEPAK OPAT CIMANDÉAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b. Kaayaan Sosial

1) Agama

Masyarakat Désa Mekarjaya sacara umum ngagem agama Islam. Anapon data dumasar kana kapercayaan kana agama dicindekkeun dina hiji data nu disusun ku Kantor Désa Mekarjaya nyaéta.

- Islam : 4621
- Kristen Protestan : -
- Katholik : -
- Budha : -
- Hindu : -

2) Penduduk

Penduduk Désa Mekarjaya jumlahna aya 4621 jiwa, anapon wincikanna nyaéta lalaki 2300 jiwa jeung awéwé 2321 jiwa, anu diwangun ku 1372 kepala keluarga.

Tabèl 3. 1
Kaayaan Penduduk Désa Mekarjaya nurutkeun Kelompok Usia

No	Kelompok Usia	Jumlah
1.	00 – 04 taun	502 jiwa
2.	05 – 09 taun	454 jiwa
3.	10 – 14 taun	415 jiwa
4.	15 – 19 taun	358 jiwa
5.	20 – 24 taun	323 jiwa
6.	25 – 29 taun	313 jiwa
7.	30 – 34 taun	317 jiwa
8.	35 – 39 taun	385 jiwa
9.	40 – 44 taun	290 jiwa
10.	45 – 49 taun	314 jiwa
11.	50 – 54 taun	221 jiwa
12.	55 – 59 taun	214 jiwa
13.	60 – 64 taun	175 jiwa
14.	65 taun – ka luhur	340 jiwa
Jumlah		4.621 jiwa

Sumber: Kantor Désa Mekarjaya, 2020

3) Basa

Basa nu digunakeun ku masarakat Désa Mekarjaya nyaéta basa Sunda, sabab masarakat Désa Mekarjaya mayoritas urang Sunda asli, sanajan aya sababaraha anu lain urang Sunda, tapi tetep nyaluyukeun nyarita ku basa Sunda.

4) Atikan

Dina widang atikan Désa Mekarjaya kawilang alus, katitén masarakatna ngarasa butuh kana dunya atikan. Ku kituna, kolotna aya nu nyakolakeun budakna ti mimiti PAUD, TK, SD/MI. SMP/MTs, SMA/SMK, jeung paguron luhur. Tingkat atikan di Désa Mekarjaya Kacamatan Jampangkulon Kabupaten Sukabumi bisa katitén tina ieu tabél di handap.

Tabèl 3. 2
Tingkat Atikan Masarakat Désa Mekarjaya

No	Tingkat Atikan	Jumlah
1.	Teu Sakola	277 Orang
2.	TK / TPA/PAUD	120 Orang
3.	SD/ MI (Paket A)	2.689 Orang
4.	SMP/SLTP (MTS dan Paket B)	603 Orang
5.	SMA/SLTA (MA dan Paket C)	242 Orang
6.	Akademis/diploma/D1-D3	293 Orang
7.	Sarjana/S-1	350 Orang
8.	Magister/S-2	47 Orang
9.	Doktor/S-3	-
Jumlah		4.621 Orang

Sumber: Kantor Désa Mekarjaya, 2020

5) Pakasaban

Masarakat Désa Mekarjaya nyaéta masarakat agraris. Ku kituna, pakasaban masarakat Désa Mekarjaya lolobana jadi patani. Nurutkeun data administrasi Désa Mekarjaya, pakasaban masarakat Désa Mekarjaya katitén dina tabél ieu di handap.

Tabèl 3. 3
Jumlah Penduduk Dumasar Klasifikasi Pakasaban

No	Pakasaban	Jumlah
1.	PNS	69
2.	PNS POLRI	-
3.	PNS TNI	3
4.	Pensiunan PNS/POLRI/TNI	55
5.	Karyawan swasta	54
6.	Sopir	15
7.	Pengrajin/Industri	76
8.	Tukang Batu	50
9.	Tukang Kayu/Cat	15
10.	Pedagang	40
11.	Petani	1.178
12.	Buruh tani	335
13.	Buruh Harian Lepas	433
Jumlah		2.326

Sumber: Kantor Désa Mekarjaya, 2020

1.3.3 Subjék Panalungtikan

Sanggar Seni Jamus Kalimasada mangrupa sanggar seni nu aya di wilayah Désa Mekarjaya Kacamatan Jampangkulon. Sanggar Seni Jamus Kalimasada mimiti diadegkeun tur dipingpin ku Kang Rian Hidayatuloh dina taun 2010. Mimiti ngadegkeun ieu sanggar, Kang Rian museurkeun widang kasenian kana Penca Silat jeung Kuda Lumping. Dina mangsa satuluyna, ku lantaran nempo poténsi sarta antusiasme masarakat kana kasenian, Kang Rian ngayakeun kasenian séjénna pikeun saha waé masarakat nu minat diajar kasenian, saperti Upacara Adat, Jaipongan, Bajidoran, Icikibung Pajampangan (Kaulinan Barudak), jrrd. Nepi ka kiwari, Sanggar Seni Jamus Kalimasada masih dipingpin ku Kang Rian, anggotana anu masih kénéh aktif téh lolobana ti Kecamatan Jampangkulon. Kapangurusan Sanggar Seni Jamus Kalimasada dina taun 2018 nepi ka ayeuna katitén dina tabél di handap.

Tabel 3. 4
Struktur Organisasi Sanggar Seni Jamus Kalimasada

No	Wasta	Kalungguhan
1.	M. Iswah Marully	Penasehat
2.	Anggun Pribadi	Pembimbing
3.	Rian Hidayatuloh	Pupuhu
4.	Deden	Wakil Pupuhu
5.	Egi Rismawan	Sekretaris 1
6.	Danil Nugraha	Sekretaris 2
7.	Sari Nurbuati	Juru Simpen 1
8.	Sudendi	Juru Simpen 2
9.	Heri Rimba	Kord/Pelatih Silat
10.	Inok bin Suban	Kord/Pelatih Kuda Lumping
11.	Ujang Arif R. D., S.Sn	Kord/Pelatih Alat Tiup
12.	Ujang Saad, S.Sn	Kord/Pelatih Alat Petik
13.	Silvy Hoerunisa	Kord/Pelatih Tari
14.	Aldi Filarean	Kord/Pelatih Gamelan
15.	Faried Rizqullah	Kord/Pelatih Kaulinan Baheula
16.	Jeni Maulana	Humas
17.	Resdi	Humas
18.	Idom	Akomodasi
19.	Agim Maulana	Akomodasi
20.	Ucep	Peralatan
21.	Usup	Peralatan
22.	Januar Syambu	Publikasi Dokumentasi
23.	Syahrul Febrian	Publikasi Dokumentasi
24.	Abdul Rohman	Acara
25.	Kustian Munggaran	Acara
26.	Ai Asnie, S.Sn	Anggota
27.	Maulana Abdul Kahfi	Anggota
28.	Nandi	Anggota
29.	M. Akbar Maulana	Anggota
30.	Riski Agustian	Anggota
31.	Septa	Anggota
32.	Dea Sulistiawati	Anggota
33.	Hera Puji Astuti	Anggota
34.	Bayu Lesmana	Anggota
35.	Rama Purnama	Anggota
36.	Ilham Wahyu Pratama	Anggota
37.	Dian Pangestu	Anggota

No	Wasta	Kalungguhan
38.	Alfhan Zusron	Anggota
39.	Toni Hermawan	Anggota
40.	Elpan Natapraya, S.Sn	Anggota
41.	Indra Adi Gumelar	Anggota
42.	Maya Aulia Sondari	Anggota
43.	Indra Resmana	Anggota
44.	Anjar Gunawan	Anggota
45.	Silvha Maesaroh	Anggota
46.	Firmansyah	Anggota
47.	Delista Sri P	Anggota
48.	Siti Salma N	Anggota
49.	Wulan Nopitasari	Anggota
50.	Arini Anggaraeni	Anggota
51.	Anisa Alina	Anggota
52.	Ahdan Fajar	Anggota
53.	Ruli Ramdani, S.Pd	Anggota
54.	Muhammad Karim	Anggota
55.	Aditya Ramdani	Anggota
56.	Gugun	Anggota
57.	Hatur Muntaha	Anggota
58.	Hari Harianto	Anggota
59.	Soleh	Anggota
60.	Derry Tisna Nugraha	Anggota

Sumber: Humas Sanggar Seni Jamus Kalimasada, 2020

Widang-widang kasenian anu aya di Sanggar Seni Jamus Kalimasada mémang kaitung réa, tapi anu jadi ciri hasna nyaéta Tepak Opat Cimandéan. Ku lantaran kitu, anu jadi subjek ieu panalungtikan nyaéta Tepak Opat Cimandéan Sanggar Seni Jamus Kalimasada nu aya di Kampug Cisuru Karamat RT/RW 001/002 Désa Mekarjaya Kacamatan Jampangkulon Kabupaten Sukabumi.

1.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

1.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 224) téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu pangstratégisna dina panalungtikan, sabab udagan utama dina panalungtikan nyaéta pikeun ngahasilkeun data. Dina ngumpulkeun data digunakeun sababaraha téhnik, di antarana téhnik studi pustaka, observasi partisipatif, wawancara, jeung dokuméntasi.

a. Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka mangrupa téhnik panalungtikan nu dilakukeun ku cara macaan buku-buku sumber ti pabukon. Buku-buku nu dibaca nya éta buku-buku nu aya patalina jeung konsép, tiori katut pedaran pasualan panalungtikan. Udaganna pikeun ngeuyeuban tiori-tiori sarta nguatkeun pasualan nu dipedar dina panalungtikan.

b. Téhnik Observasi Partisipatif

Téhnik observasi partisipatif digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha sajarah, kamekaran, fungsi, sarta prak-prakanana Tepak Opat Cimandéan téh. Nurutkeun Sugiyono (2016 kc. 64), observasi partisipatif ngalibetkeun panalungtik kana kagiatan sapopoé sumber data panalungtikan. Bari ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ilubiung jeung anu dilaksanakeun ku sumber data dina ieu panalungtikan.

c. Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara dimaksudkeun pikeun nyangking data langsung ti narasumber nu nyangkem kana penca silat, sangkan data-data nu kacangking bener-bener akurat. Ieu téhnik téh salah sahiji bagéan anu penting dina unggal panalungtikan. Wawancara mangrupa dialog anu dilakukeun ku panalungtik jeung narasumber pikeun ngahasilkeun informasi. Wawancara digunakeun pikeun néangan data ngeunaan objék anu ditalungtik. Luyu jeung éta hal, Esterberg (dina Sugiyono, 2016, kc. 231) nétélakeun yén wawancara mangrupa patepungna dua jalma anu miboga tujuan pikeun patukeur-tukeur informasi jeung ide ngaliwatan paguneman, nepi ka bisa ngahasilkeun ma'na dina hiji topik nu tangtu. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngawawancara sasabaraha narasumber. Narasumber anu diwawancara téh nyaéta pupuhu sanggar, guru penca silat, nayaga jeung anggota nu aya di Sanggar Seni Jamus Kalimasada.

d. Téhnik dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon wae nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir. Dokuméntasi mangrupa salah sahiji metodé pikeun ngumpulkeun data kualitatif kalawan nilik atawa nganalisis dokumén-dokumén ngeunaan subjék. Ieu panalungtikan tangtuna kudu aya dokuméntasi. Kaméra dipaké pikeun ngadokuméntasikeun nalika prak-prakan magelarkeun Tepak Opat Cimandéan, boh dina wangun pota atawa vidio.

1.4.2 Téhnik Ngolah Data

Data-data anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraha téhnik di luhur, satuluyna diolah jeung dianalisis ngagunakeun tiori anu geus di tangtukeun. Téhnik ngolah data ngagunakeun analisis: (1) Téhnik Analisis Déskripsi Tepak Opat Cimandéan, (2) Téhnik Analisis Ajén Éstétika, (3) Téhnik Analisis Uliikan Sémiotik, jeung (4) Téhnik Analisis Bahan Ajar.

a. Téhnik Analisis Déskripsi Tepak Opat Cimandéan

Analisis déskripsi Tepak Opat Cimandéan ngawengku pedaran sajarah jeung kamekaran, unsur-unsur pangwangun Tepak Opat Cimandéan, jeung prak-prakan pintonan Tepak Opat Cimandéan.

b. Téhnik Analisis Ajén Éstétika

Analisis ajén éstétika dina Tepak Opat Cimandéan, ngawengku kana pamarekan éstétika dumasar tiori Kant. Nurutkeun Kant aya dua rupa ajén éstétis, nyaéta ajén éstétis atawa ajén murni jeung ajén ékstra éstétis atawa ajén panambah.

c. Téhnik Analisis Uliikan Sémiotik

Analisis ulikan sémiotik dina Tepak Opat Cimandéan, ngawengku pedaran ulikan sémiotik dumasar tiori Pierce anu ngabagi tanda kana tilu tipe nyaéta ikon, indéks, jeung simbol dina unsur pangwangun Tepak Opat Cimandéan.

d. Téhnik Analisis Bahan Ajar

Analisis bahan ajar dina ieu panalungtikan ngawengku cara nangtukeun kritéria milih bahan ajar jeung nyusun bahan pangajaran (artikel).

1.5 Instrumén Panalungtikan

1.5.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén nu digunakeun. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc.102) instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam jeung sosial dina panalungtikan. Instrumén panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik tujuanna pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung hasilna leuwih nyugemakeun, lengkep jeung sistematis sangkan leuwih babari diolah. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

a. Instrumén Obsérvasi

Tabèl 3. 5
Instrumén Céklis Obsérvasi

No.	Indikator	Perkara anu dióbsérvasi	Kaobsérvasi	Henteu
1.	Asal-usul	1) Sajarah lahirna Tepak Opat Cimandéan 2) Kamekaran Tepak Opat Cimandéan	✓	
2.	Prak-prakan	3) Prak-prakan Tepak Opat Cimandéan 4) Lila lumangsungna Tepak Opat Cimandéan 5) Tempat pintonan Tepak Opat Cimandéan	✓	
3.	Palaku	6) Inohong anu ngadegkeun Sanggar Seni Jamus Kalimasada 7) Palaku dina Tepak Opat Cimandéan	✓	
4.	Ajén inajén	8) Ajén inajén anu nyangkaruk dina Tepak Opat Cimandéan 9) Ajén éstétika anu nyampak dina Tepak Opat Cimandéan	✓	
5.	Pakakas	10) Pakéan anu digunakeun dina pintonan Tepak Opat Cimandéan 11) Waditra/pakakas anu digunakeun dina Tepak Opat Cimandéan	✓	




b. Pedoman Wawancara



Pedoman wawancara digunakeun pikeun patokan, nu mangrupa daptar patalékan pikeun nyangking informasi sacar lisan anu patali jeung masalah panalungtikan. Ku kituna, perlu ayana pedoman pikeun nungtun panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara ka narasumber. Patalékan-patalékan dina wawancara ngeunaan Tepak Opat Cibandéan digambarkeun dina ieu tabél.

Tabél 3. 6
Format Biodata Informan

Wasta: Tempat, ping gumelar: Yuswa: Pakasaban: Kalungguhan:	
---	--

Tabél 3. 7
Daftar Biodata Informan

Wasta: Rian Hidayatuloh Tempat, ping gumelar: Sukabumi, 18 Mei 1994 Yuswa: 25 taun Pakasaban: Seniman Kalungguhan: Pupuhu	
Wasta: Heri Rimba Tempat, ping gumelar: Sukabumi, 1962 Yuswa: 58 taun Pakasaban: Wiraswasta Kalungguhan: Kord/Pelatih Silat	
Wasta: Inok bin Suban Tempat, ping gumelar: Sukabumi, 07 April 1968 Yuswa: 52 taun Pakasaban: Wiraswasta Kalungguhan: Kord/Pelatih Kuda Lumpung	

<p>Wasta: Egi Rismawan Tempat, ping gumelar: Sukabumi, 19 Juli 2004 Yuswa: 15 taun Pakasaban: Pelajar Kalungguhan: Nayaga</p>	
<p>Wasta: Jeni Maulana Tempat, ping gumelar: 22 Agustus 2002 Yuswa: 17 taun Pakasaban: Pelajar Kalungguhan: Pamaén Silat</p>	

Tabèl 3. 8
 Tabél Pedoman Wawancara

No	Indikator	Patalékan
1.	Sajarah	1) Kumaha kasang tukang ngadegna Sanggar Seni Jamus Kalimasada? 2) Naon kasang tukang ayana wanda Tepak Opat Cimandéan di Sanggar Seni Jamus Kalimasada? 3) Kumaha kamekaran Tepak Opat Cimandéan? 4) Naon anu jadi kaunikan atawa hal nu di unggulkeun dina Tepak Opat Cimandéan?
2.	Tujuan & Mangpaat	5) Naon tujuan tina diayakeun Tepak Opat Cimandéan? 6) Naon mangpaat diayakeun Tepak Opat Cimandéan?
3.	Anggota & Struktur Organisasi	7) Aya sabaraha jumlah anggota anu masih aktif di Sanggar Seni Jamus Kalimasada? Rata-ratana umur sabaraha taun? 8) Kumaha struktur organisasi di Sanggar Seni Jamus Kalimasada?
4.	Rutinitas	9) Naon waé kagiatan nu diayakeun di Sanggar Seni Jamus Kalimasada? 10) Iraha waé jadwal latihananna? 11) Kumaha prosés ti saméméh latihan nepi ka réngsé

Faried Rizqullah, 2021

AJÉN ÉSTÉTIKA JEUNG UNSUR SÉMOTIK DINA TEPAK OPAT CIMANDÉAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Indikator	Patalékan
		latihan? 12) Wanda gerakan naon waé nu di latihna? 13) Aya sabaraha jurus nu di latihkeuna? 14) Aya tingkatan anu dicirian ku beubeur atanapi henteu?
5.	Ajén-inajén	15) Ajén inajén naon anu hayang ditepikeun tina Tepak Opat Cimandéan? 16) Ajén éstétika naon waé anu nyampak dina Tepak Opat Cimandéan?
6.	Tatahar	17) Naon waé nu kudu di tataharkeun méméh midangkeun Tepak Opat Cimandéan? 18) Sok aya sasajén atawa tradisi husus anu kudu di lakukeun saméméh midangkeun penca silat? Mun aya naon waé?
7.	Prak-prakan	19) Dimana jeung dina acara naon waé Tepak Opat Cimandéan midangna? Sabaraha lila waktu midangkeunna? 20) Naon waé waditra anu digunakeun dina mirig Tepak Opat Cimandéan? 21) Naon waé kalengkepan raksukan anu di gunakeun nalika midang? 22) Biasana dipirig ku kawih naon waé nalika midangkeun Tepak Opat Cimandéan?

c. Kaméra jeung *Handphone*

Kaméra jeung *Handphone* mangrupa pakakas anu digunakeun ku panalungtik nalika ngumpulkeun data. *Handphone* dipaké pikeun ngarékam nalika ngalakukeun wawancara. Sedengkeun kaméra dipaké pikeun ngadokuméntasikeun nalika prak-prakan magelarkeun Tepak Opat Cimandéan, boh dina wangun foto atawa vidio.

1.5.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Instrumén anu digunakeun dina ngolah data ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus ditalungtik.

a. Instrumén Analisis Unsur-unsur

Tabèl 3. 9
Kartu data Analisis Unsur-unsur

Sajarah
<p>Déskripsi Tepak Opat Cimandéan di Sanggar Seni Jamus Kalimasada</p> <p>Déskripsi: Sanggar Seni Jamus Kalimasada mangrupa sanggar kasenian anu di adegkeun taun...</p>
Unsur Pangwangun Pintonan
<p>Tempat Pintonan</p> <p>Déskripsi: Tepak Opat Cimandéan biasana dipintonkeun di...</p> <p>Pamaén silat</p> <p>Déskripsi: Pamaén silat dina Tepak Opat Cimandéan jumlahna ...</p> <p>Nayaga</p> <p>Déskripsi: Nayaga dina Tepak Opat Cimandéan jumlahna</p> <p>Ibing Tepak Opat Cimandéan</p> <p>Déskripsi: Ibing Tepak Opat Cimandéan ngawengku...</p> <p>Pakéan pamaén silat</p> <p>Déskripsi: Pakéan atawa busana pamaén silat dina Tepak Opat Cimandéan nyaéta iket jeung pangsi hideung...</p> <p>Waditra</p> <p>Déskripsi: Waditra dina Tepak Opat Cimandéan teu béda jeung penca silat séjénna, saperti tarompét...</p>
Prak-prakan
<p>Prak-prakan saméméh lumangsung pintonan</p> <p>Déskripsi: Aya sababaraha kagiatan saméméh lumangsungna pintonan, di antarana....</p> <p>Prak-prakan nalika lumangsung pintonan</p>

<p>Déskripsi: Aya sababaraha runtuyan dina pintonan silat, di antarana....</p> <p>Prak-prakan sabada lumangsung pintonan</p> <p>Déskripsi: Sanggeus bérés pintonan sakabéh anggota Sanggar seni jamus</p> <p>Kalimasada ngariung...</p>
Éstétika
<p>Ajén éstétika dina Ibing Tepak Opat Cimandéan</p> <p>Déskripsi: Dina ieu kasenian, ibing atawa gerakan silat mangrupa unsur utama dina pintonan...</p> <p>Ajén éstétika dina pakéan pamaén</p> <p>Déskripsi: Pakéan mangrupa salah sahiji unsur pangrojong dina pintonan Tepak Opat Cimandéan....</p> <p>Ajén éstétika dina seni tabeuh</p> <p>Déskripsi: Waditra mangrupa salah sahiji alat anu teu bisa leupas tina pintonan Tepak Opat Cimandéan.....</p> <p>Ajén Éstétika dina Seni Tari</p> <p>Déskripsi: Gerak mangrupa unsur utama dina ieu kasenian Tepak Opat Cimandéan....</p> <p>Ajén éstétika dina seni drama</p> <p>Déskripsi: Seni drama dina pintonan Tepak Opat Cimandéan ngaguluyur, luyu jeung konsép pintonan....</p> <p>Ajén ékstra éstétis dina Tepak Opat Cimandéan</p> <p>Déskripsi: Ajén ékstra éstétis ayana dina hubungan antara manusa jeung alam...</p>
Sémiotik
<p>Ikon dina Tepak Opat Cimandéan</p> <p>Déskripsi: Aya sababaraha ikon anu katitén dina Tepak Opat Cimandéan, di antarana.....</p> <p>Indéks dina Tepak Opat Cimandéan</p> <p>Déskripsi: Aya sababaraha indéks anu katitén dina Tepak Opat Cimandéan, di antarana.....</p> <p>Simbol dina Tepak Opat Cimandéan</p> <p>Déskripsi: Aya sababaraha simbol anu katitén dina Tepak Opat Cimandéan,</p>

b. Instrumén Nyusun Bahan Ajar

Tabèl 3. 10
Kritéria Milih Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu Luyu
1.	Tujuan anu hayang dihontal	✓	
2.	Dainggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa	✓	
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna	✓	
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan	✓	
5.	Luyu jeung kabutuhan katut minat siswa	✓	

Tabèl 3. 11
Kartu Data Nyusun Bahan Ajar

Nyusun Bahan Ajar	
Judul: Tepak Opat Cimandéan	
1. Eusi	
•	Déskripsi Tepak Opat Cimandéan Déskripsi:
•	Prak-prakan Tepak Opat Cimandéan Déskripsi:
•	Ajén kaéndahan dina Tepak Opat Cimandéan Déskripsi:
•	Tanda-tanda budaya anu aya dina Tepak Opat Cimandéan Déskripsi:
2. Bahan Évaluasi	
•	PG & Ésséy